

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Data

3.1.1 Lokasi

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan. Kacamatan Nusahérang téh diresmikeun tanggal 12 Januari 2001. Kacamatan Nusahérang pernahna 6 Km ti beulah kidul puseur dayeuh Kota Kuningan anu legana 1.756,453 Ha. Kacamatan Nusahérang ngawengku dalapan désa nyaéta, Désa Nusahérang, Désa Cikadu, Désa Jambar, Désa Kertawirama, Désa Haurkuning, Désa Windusari, Désa Kertayuga sarta Désa Ciasih.

3.1.2 Sumber Data

Yang dimaksud sumber data dalam penelitian adalah subjek dari mana data dapat diperoleh. Sumber data diklasifikasikan menjadi tiga tingkatan yaitu person (manusia), tempat (place) dan paper (sumber data berupa simbol) (Arikunto 2006: 129).

Sumber data ieu panalungtikan kabagi tilu nya éta sumber data nu mangrupa tempat, sumber data manusa/ informan, jeung sumber data mangrupa téks puisi sawér anu baris dianalisis.

1. Sumber data nu mangrupa tempat (*place*)

Sumber data nu mangrupa tempat nya éta désa-désa nu aya di Kacamatan Nusahérang. Nu dipilih jadi objék panalungtikan aya opat désa hartina 50% tina jumlah désa nu aya di Kacamatan Nusahérang. Désa-désa nu dipilih téh nya éta Désa Nusahérang, Désa Windusari, Désa Haurkuning jeung Désa Kertawirama. Alesan milih ieu désa lantaran dianggap ngawakilan karakteristik Kacamatan Nusahérang.

2. Sumber data nu mangrupa manusa (*person*)

Sumber data nu mangrupa manusa (informan) nya éta jelema-jelema anu dianggap bisa méré katerangan ngeunaan puisi sawér pangantén. Informan dina ieu panalungtikan jumlahna aya genep, nya éta Ibu Yaya, Ibu Euis, Ibu Yati, Ibu Nioh, Ibu Diski jeung Ibu Tatin.

3. Sumber data nu mangrupa simbol (*paper*)


Sumber data nu mangrupa simbol (*paper*) nya éta téks puisi sawér pangantén anu baris dianalisis.

3.2 Disain Panalungtikan

Disain panalungtikan ngawengku studi pustaka, obsérvasi, wawancara jeung sadap rékam, dokuméntasi, ngumpulkeun data, nganalisis data jeung nyusun laporan. Disain panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap:

Bagan 3.1

Disain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Kecap méthode asalna tina basa Yunani: *methodos* anu hartina cara atawa jalan. Jadi méthode mangrupa jalan nu aya patalina jeung cara atawa léngkah gawé dina ngahontal sasaran nu diperlukeun ku pamakéna (Subagyo,1991:1). Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode panalungtikan déskriptif

teu kawatesanan nepi ka ngumpulkeun jeung nyusun data wungkul tapi ngawengku analisis jeung interpretasi ngeunaan harti data.

Nurbuko jeung Achmadi (2008: 44) nétélakeun yén: *“Penelitian deskriptif yaitu penelitian yang berusaha untuk menuturkan pemecahan masalah yang ada sekarang berdasarkan data-data, jadi ia juga menyajikan data, menganalisis dan menginterpretasi”*.

3.4 Wangenan Operasional

Puisi nya éta karangan nu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna teu lancar atawa cara basa sapopoé. Puisi Sunda aya nu ngawujud carita jeung aya nu teu ngawujud carita, sawér kaasup kana puisi anu teu ngawujud carita.

Sawér pangantén kaasup kana adat istiadat nu dilaksanakeun dina upacara kawinan.

Puisi sawér pangantén mangrupa rumpaka sawér anu biasa dihaleuangkeun ku sindén atawa juru sawér.

Bahan pangajaran nyaéta bahan ajar atawa matéri, topik anu baris diajarkeun ka murid.

Maca nya éta salah sahiji aspék kaparigelan basa nu miboga sifat réseptif, aspék kaparigelan basa séjénna nya éta ngaregepkeun, nyarita jeung nulis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun, ngolah, nganalisis, sarta nyuguhkeun data-data sacara otomatis tur objéktif nu diperlukeun dina panalungtikan. Instrumén panalungtikan kacida mangaruhan kana kualitas hasil panalungtikan. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta alat rékam pikeun ngarékam puisi sawér nu dihaleuangkeun ku juru sawér, kaméra pikeun nyokot foto informan jeung tempat panalungtikan, sarta sajumlahing patalékan.

Instrumén Panalungtikan
Puisi Sawér Pangantén di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan

A. Raratan Puisi Sawér Pangantén

1. Judul: _____
2. Nu nepikeun
 - a. Ngaran: _____
 - b. Umur: _____
 - c. Jenis kelamin: _____
 - d. Pakasaban: _____
 - e. Pendidikan: _____
 - f. Basa nu dipaké sapopoé: _____
 - g. Padumukan: _____
3. Asal-usul puisi sawér pangantén _____
4. Tujuan dihariringkeun/dipagelarkeun _____
5. Fungsi puisi sawér dipidangkeun: (dianggap karamat, sakral/ ritual, hiburan)
 - a. Baheula _____
 - b. Ayeuna _____
6. Wangun karangan: _____
7. Puisi sawér pangantén: _____

Kuningan, Januari 2013

Lia Amelia

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu utama dinapanalungtikan, lantaran tujuan utama tina panalungtikan téh taya lian pikeun meunangkeun data. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Studi pustaka

Studi pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

2. Obsérvasi

Nasution (Subagyo, 2011: 309) nétélakeun yén obsérvasi mangrupa dadasar sakabéh élmu pangaweruh. Élmu ukur bisa gawé dumasar kana data, nya éta fakta ngaliwatan obsérvasi. Observasi dilakukeun pikeun meunangkeun informasi sarta data-data anu jelas ngeunaan puisi sawér pangantén anu masih kénéh aya di masarakat, Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan.

3. Wawancara

Wawancara mangrupa paguneman antara dua jelma atawa leuwih pikeun tukeur informasi sarta ide ngaliwatan tanya jawab. Wawancara dilakukeun ka narasumber (juru sawér) pikeun meunangkeun informasi anu leuwih jero ngeunaan puisi sawér pangantén.

4. Dokuméntasi

Dokumén mangrupa catetan kajadian anu geus kaliwat. Dokumén bias mangrupa tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal ti hiji jalma.

Dokuméntasi dilakukeun pikeun ngadokuméntasikeun puisi sawér ti informan.

3.7 Analisis Data

Analisis data nya éta kagiatan nganalisis data-data anu geus ka kumpul tina hasil obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi anu patali jeung puisi sawér pangantén di Kacamatan Nusahérang. Anapon data nu geus kakaumpul diolah maké léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

1. Nyusun data
2. Ngalalisis data
3. Nyieun kacindekan analisis

